



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 189 MILYON DOLA POU FINANSE PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO

Pwojè yo sitiye nan Rejyon Kapital, Santral NY, Mid-Hudson, Long Island, Mohawk Valley, Vil New York, North Country ak Southern Tier

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta a (State Environmental Facilities Corporation, NYS EFC) te apwouve plis pase 189 milyon dola finansman pou nèf minisipalite ak otorite publik pou pwojè enfrastrikti dlo ize ak dlo potab ki enpòtan. Finansman Konsèy la apwouve yo genyen ladan yo finansman akoutèm ak sibvansyon yo te anonse anvan k ap pèmèt kominote yo gen aksè nan kapital ki nesesè pou lanse pwojè yo, ansanm ak konvèsyon prè alontèm ki refinanse yon pwojè ki egziste pou jiska trant an pou diminye chaj dèt sou minisipalite a epi ede ekonomize lajan kontribyab yo.

"Modènize sistèm dlo nou yo enpòtan pou ranfòse rezistans enfrastrikti nou epi ede asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan dlo potab," **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Administrasyon mwen an fyè pou bay pwojè enfrastrikti enpòtan yo priorite atravè eta a, epi finansman sa ap ede lokalite yo revize sistèm jesyon dlo ak dlo ize ki ansyen yo, devlope aksè nan dlo pwòp, k ap emelyore sante publik la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, Maureen A. Coleman, te deklare, "Finansman sa yo pèmèt konstriksyon pwojè dlo potab ak dlo ize nan kominote atravè eta nou an. EFC remèsye Gouvènè Hochul dèské li bay kalite dlo a priorite epi ede patnè gouvènman lokal nou yo reyalize pwojè ki vital ki pwoteje anviwònman an epi bay benefis ki ekstraòdinè pou kominote yo, k ap amelyore alafwa sante publik ak sante ekonomi nou an."

Prezidan Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye sipòte epi bay finansman eta enpòtan sa priorite pou garanti dlo pwòp pou kominote nou yo kounye a epi konstui yon sistèm enfrastrikti ki solid ki ka reziste ak menas anviwònmantal yo. DEC fyè pou fè patenarya avèk Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la ak kominote atravè eta a pou ede ranplase epi ranfòse sistèm enfrastrikti idwolik ak dlo ize ki ansyen New York la."

Komisè Depatman Sante a Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Angajman fiskal enpòtan sa yo pou trete nouvo kontaminan ki fèk règlemante ki menase kalite dlo potab epi pou asire eliminasyon apwopriye dlo ize, ap konstui kominote ki pi an sante epi amelyore byennèt tout Nouyòkè. Nou kontan paske nou kapab bay sipò sa pandan kominote yo ap travay pou amelyore ak modènize sistèm septik ki ansyen yo".

Apwobasyon Konsèy yo enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmeman ak Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA). Vizite [sitwèb](#) EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo apwouye:

- Komin Constantia nan Konte Oswego - 5,000,000 dola sibvansyon WIIA, 15,400,000 dola finansman san enterè akoutèm ak 15,600,000 finansman akoutèm nan to mache a, pou planifye, konsevwa epi konstui Distri Egou nan Constantia-Bernhards Bay la ak ekspansyon Izin Trètman Dlo Ize Vilaj Cleveland lan.
- Vilaj Fishkill nan Konte Dutchess - 4,125,000 dola sibvansyon WIIA ak 17,375,000 nan finansman akoutèm, san enterè pou mizajou izin trètman dlo ize, modènizasyon estasyon ponp, ak enstalasyon yon nouvo mendèv.
- Vilaj Lowville nan Konte Lewis - 1,017,000 dola sibvansyon WIIA, 2,709,750 dola sibvansyon WIIA, 2,806,628 dola finansman akoutèm, san enterè ak 5,041,250 dola finansman akoutèm, nan to mache a pou amelyorasyon trètman dlo ize.
- Vilaj Rome nan Konte Oneida - 2,160,300 dola finanasman alontèm, san enterè pou amelyorasyon dijestè anayewobi.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo apwouye:

- Vilaj Florida nan Konte Orange - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA ak 2,290,000 dola finansman akoutèm nan to mache a, pou mizajou sistèm filtrasyon.
- Vilaj Fort Edward nan Konte Washington - 2,766,698 dola sibvansyon WIIA ak 1,844,466 dola finansman akoutèm, nan to mache a pou ranplase apeprè 7,650 pye lineyè konduit dlo ki vyeyi, ranplase yon rezèvwa 200,000-dlo epi modènize estasyon ponbaj ki egziste a.
- Vilaj Hobart nan Konte Delaware - 473,400 dola sibvansyon DWSRF 315,600 dola nan finansman akoutèm, san enterè pou konstui de nouvo pui pou bay dlo, ranplase ponp filtè ki egziste yo, ranplase medya filtè an fè/manganèz yo, epi modènize tiyo izin trètman dlo a.

- Distri Idwolik Manhasset-Lakeville nan Konte Nassau - 7,476,600 dola sibcansyon WIIA pou enstale yon nouvo sistèm tretman oksidasyon avanse ak kontraktè chabon aktif an gress pou retire kontaminan emèjan yo nan de pui nan Izin Nim. 1 Searingtown Road la.
- Otorite Minisipal Finansman Dlo Vil New York (New York City Municipal Water Finance Authority) - 100,000,000 dola finansman akoutèm nan to mache a pou planifye epi konstrui Izin Filtrasyon Dlo Croton lan ak enstalasyon ki asosye yo (Faz 15).

Nou ankouraje Gouvènman Lokal yo patisipe nan ankèt sou bezwen basen vèsan ki pwòp yo

EFC rekòmande minisipalite yo pou patisipe nan Ankèt sou Bezwen Basen Vèsan Idwolik Pwòp (CWNS) Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) la, ke EFC te lanse nan New York nan 1 mas. Patisipasyon an enpòtan paske li afekte ki kantite finansman federal y ap afekte nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) pou Eta New York pou finanse pwojè enfrastrikti dlo alavni yo. Yo mande minisipalite yo pou dokimante bezwen enfrastrikti dlo ize kominotè yo pou soumèt bay EPA. Ale sou www.efc.ny.gov/needs pou w soumèt dokiman yo ak pou jwenn resous pou ede avèk soumisyon yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)